КЕРЛАНАШ

# Адамийн бакъонашкахула йолчу ООН-н комитето тІеэцна таІзар динчу гІалгІайн протестан хьалханчийн арз

Мангал-бутт 30, 2026



ГІалгІайчуьра мтингехь, зазадоккху-бутт, 2019 шо

Нохчийчоьнца бина латтан бертана дуьхьал ГІалгІайчохь хІиттийначу митингашна тІехула таІзар динчу протестийн лидершкара арз чуэцна Цхьаьнакхеттачу Къаьмнийн Организацин адамийн бакъонашкахула йолчу комитето. Шай хьастана тІетевжина цунах лаьцна хаамбина "Фортанго". ХІинца оцу латкъамехула шайна хетарг довзийта декхаре йу Москва, оцу гІуллакхна цунна хан йелла лахьан-беттан 26-чу дийне кхаччалц.

Цу латкъаман авторш бу Чемурзиев Барах а, Мальсагов Муса а, Хаутиев Багаудин а. Царна хетарехь, Оьрсийчохь политикан бух тІехь бехктакхаман гІуллакх долор бахьана долуш талхийна церан маьрша гулбала а, нийсонца кхел йан а хилла

бакъонаш. Цхьаьнакхеттачу Къаьмнийн Организацино цаьргара арз чу маца эцна, билгалдаьккхина дац.

"ГӀалгӀайн гӀуллакххехула" бехкебинарш дуьхьал бевлира Нохчийчоьнца доза хийцарна. 2019-чу шарахь Магасехь хӀоттийна митинг йирзира Росгвардица а, ОМОН-ца а тийсадаларш а хуьлуш.

2021-чу шеран дечкен-баттахь кхело бехке лерина 7 протестан лидер - Барахоев Ахьмад, Мальсагов Муса, Ужахов Малсаг, Нальгиев ИсмаьӀал, Хаутиев Багаудин, Чемурзиев Барах, Саутиева Зарифа - Ӏедалан белхахошна дуьхьал ницкъ баккхарна а, экстремистийн тоба вовшахтоьхна, цу йукъахь дакъалацарна а. 7,6 шарна тӀера исс шаре кхаччалц хенаш тоьхнера царна набахтехь такха. Кхеле хӀиттийначарех цхьаммо а тӀе ца эцнера шайна дохку бехкаш.

Бехктакхаман гӀуллакхаш долийра 50 стагана дуьхьал, "Мемориалан" бакъонашларйархоша политикан тутмаккхаш бу уьш аьлла, дӀакхайкхийра. 200 сов вахархочунна тӀедожийра административан гӀуллакх. Дукхахберш, шайна кхин дӀа а Ӏедалхоша хьовзам баккхарна кхоьруш, махкара дӀабахара, билгалдоккху "Фортангас".

- Марсхьокху-баттахь кхело дихкира "гӀалгӀайн гӀуллакххехула" бехке йинчу Саутиева Зарифина бархӀ шарна Оьрсийчуьра арайала. Баттахь цкъа чоьхьарчу гӀуллакхийн министраллина тӀе а йоьдуш, куьгйаздан декхарийла а йира иза. Иштта цхьана шарна дихкира цунна муьлххачу а йукъараллин барамашкахь дакъалацар.

- ГӀалгӀайчоьнан Лакхарчу кхелан хиллачу суьдхочунна Бойчук Сергейна 7 шо хан туьйхира коррупци лелорна. Иза вара "ГӀалгӀайн гӀуллакххехула" хиллачу ладегӀаршкахь дакъалаьцнарг.

**Керланаш**

Маршо Радио © 2026 RFE/RL, Inc. Ерриг бакъонаш ларъйеш ю